

**INAMA Y'IBIMENYESHAMAKURU ITEGURA ITORA RY'ABAJENAMA
B'IMITUMBA NA KARITIYE KU WA 24 MYANDAGARO 2020**

1) Kwibutsa muri rusangi aho amatora ageze

- Ihangiro: “**Amatora atekanye kandi atunganye**”. Umurundi wese akaba afise uruhara kugira dushikire iryo hangiro kandi CENI nayo ikama yitwararika integuro z'ibikorwa vyose.
- **Ingendo yaranze integuro y'amatora** (*Ukuja inama n'ingingo kwa CENI n'abo amatora yega bose*: abenegihugu (ibiganiro n'abenegihugu mu gihugu cose gushika ku makomine), imigambwe, amashirahamwe, amashengero, inzego z'umutekano n'ukwivuna abansi, urwego rw'ubutungane, abajejwe intwari mu gihugu, abamenyeshamakuru.
- **Ikirangamisi c'amatora**: casohotse kare (28/6/2019) kugira abiyumvira cane cane kwitoza bashobore kwitegura bikwiye. 20/05 (amatora atatu: Umukuru w'igihugu, abashingamateka, abajenama ba komine); 20/07 (abakenguzamateka); 24/08 (abajenama b'imitumba/karitiye).
- **Ingene amatora amaze kuba yagenze**:
Amatora yagenze neza cane
 - ✓ Amasango y'amatora yarubahirijwe,
 - ✓ Ibikoresho vyari bikwiye hose,
 - ✓ abatora baritavye ku rugero rushimishije (> 87%)
 - ✓ Amatora yabaye mu mutekano ntangere,
 - ✓ ivyavuyemwo vyamenyeshejwe ku gihe kandi amategeko yose yisunzwe,
 - ✓ none inzego zavuyemwo ziriko ziratungura amabanga zatorewe.

2) Itora ry'abajenama b'imitumba n'amakaritiye

- Nsubire nibutse ko rizoba kw'igenekerezo rya **24 myandagaro 2020**.
- Ubu ni ikiringo co kwiyamamaza, inyuma yuko abazitoza bahereje kwimenyekanisha n'intonde zabo ntabanduka zikamanikwa.

Tubamenyeshe ko abantu bangana **25.963** aribo bariko bariyamamaza ngo bazokwitoze. Muri bo **20.708** ni abagabo, **5255** ni abakenyezi.

Turavye abitoza b'abakenyezi: mu gihugu cose ni **20,24%**; ariko mu ntara hari benshi ni i Makamba ni **25,68%** (330/955) Bujumbura **25,62%**

(308/894). Mu ntara hari abakenyezi bitoza bake ni i Bururi ku bice **13,26%** (189/1236), iyindi ni Cibitoke ku bice **13,70%** (147/926).

Tugereraniye *ibitigiri vy'abitoza n'ivy'imitumba na karitiye*, dusanga mu ntara zibiri ariho hari abitoza benshi: Mwaro ni **12,2**; Bururi **10,9**; izindi ntara ni hagati ya 7 na 10.

• **Ukwiyamamaza:** nkuko amategeko abitomora, CENI yaramaze kubitunganya; abagize imirwi yigenga ijejwe amatora muri koline yaragize ikirangamisi c'ingene ukwo kwiyamamaza kuzogenda, dusaba abarongoye intwara gufasha kugira gikwirikizwe; abenegihugu nabo tukabasaba kwitaba inama kugira biyumvire bonyene imigambi y'abitoza, hanyuma bazotange amajwi yabo kuri abo bumvise bazobagirira akamaro. Iyo nteguro y'imiyamamazo yashize **amanama ku muhingamo** kugira abantu bazinduke ubwa mbere ku murimo. Muri iryo koraniro ryo kwiyamamaza, intumwa y'Umurwi wigengwa ujejwe amatora mw'ikoline niho iba iri. Iyo ntumwa niho ironkera akaryo ko kumenyesha abenegihugu ko:

- (1) Kw'isango rya 24 myandagaro uyu mwaka, hazotorwa **abagize inama y'umutumba canke karitiye**; nabo ni batanu. Muribo uwaronse amajwi menshi akazoba Umukuru w'umutumba canke karitiye. Mu gutora rero, uwutora wese **azokwandika amazina atatu** atarenga, avuye mu rutonde rw'abitoje kuri uwo mutumba canke karitiye abamwo. Ntihagire abazokwihenda ngo batore ukundi kuko barengeje batatu, iyo karata izoba ibaye impfagusa; ari bake kuri batatu naho nta nama yuzuye y'umutumba canke karitiye yoboneka.
- (2) Ko uwukeneye uwumufasha kwandika, ko arekuriwe **kwitorera wenyene umuntu yizigiye yomwandikira**. Mu biganiriro twagiranye n'abenegihugu, baratubwiye neza ko hariho abantu bahora bavuga ngo barabandikira, hanyuma bakiyandikira abo bishakiye, maze abo abenegihugu bashaka ntibatorwe. Nico gituma CENI yaciye ishingira ko uwutora wese akeneye uwumwandikira yokwizanira we nyene urya muntu atomuhemukira ngo yandike amazina atamutumye.
- (3) Aca agirako **babereka ishusho y'ikarata y'amatora** kugira ntibazojuragirike; babone ingene isa, ibicapo biri kuriyo, hamwe n'aho bazokwandika amazina y'abo batoye.
- (4) Ko **amategeko agenga amatora yose araba n'iri tora ry'abajenama b'imitumba na karitiye**. Ni mu ntumbero yo kugira bame bigengesera ntibarwe mu caha ngo bahanwe (kwiyamamaza mu kiringo canke igihe kitarico, gutuka abo muhiganwa,.....).

- **Ivyerekeye itora nyezina**

Integuro igeze kure:

- *Inyigisho*: Abagize imirwi ijejwe amatora mu ntara no mu makomine yaramaze kuronka inyigisho zo kwibutsa ibikenewe vyose n'ingene bokwifata muriryo tora. Nabo aho bukera, bazokwibutsa abazoya mu mabiro y'itora. Ni ukwibutsa kuko twasanze ivyiza ari uko abakoze mu mabiro y'amatora mu matora yarenganye aribo n'ubu bobandanya kuri iri tora kiretse abo vyagoye canke abafatiriwe bosubirizwa.
- *Ibikoresho* vy'umusi w'itora biriko birajanwa mu makomine.
- *Ku musi w'itora*, umuntu wese azotorera aho yiyandikishirije. Nta n'umwe arekuriwe gutorera ahandi. Rwa ruhusha rwuko abantu bamwe bamwe batorera aho bashitse, muri rino tora nturuhari kubera ico ryisangije. Ni itora rigena abarongora ababa kuri uwo mutumba canke iyo karitiye; ntivyokumvikana rero ko uwuhita yogena umurongozi atazi. Mugabo uwudashoboye gushika gutora aho yiyandikishije azoha ubutumwa uwo yizeye amutorere.

CENI yarumvise ikibazo **c'abantu bamwe bamwe biyandikishirije ku mitumba itari iyo basanzwe babako** kandi yaragitoreye umuti, usigaye kuzoza mu ngiro. Turiko turegeranya aho hose vyashitse, hamenyekane neza. Mu bisanzwe, mu nzu y'itora hazoba isandugu y'amajwi imwe gusa; kandi amazina y'abitoza azoba amanits, bese bayisomera. Kugira dufashe abo bantu biyandikishije ku mitumba atari iyabo bashobore gutora abazobarongora, ni ukuvuga bashobore gutora abitoje ku mitumba yabo, mu nzu y'itora harimwo abiyandikishije bava ku mitumba ibiri, tuzoshiramwo amasandugu abiri, imwe yegukire umutumba umwe, iyindi uwundi. Nico kimwe n'intonde z'abitoza: urutonde rw'umutumba umwe umwe ruzoba rumanitse. Gurtyo amajwi y'abantu bava ku mutumba kanaka azoharurwe kuri uwo mutumba nyene.

Mugabo turasaba muri kazoza ko umwenegihugu wese yokwama yiyandikisha aho asanzwe aba kugira dukingye ko amajwi atakara, na rirya CENI idashobora gusubiramwo intonde mu rukurikirane rumwe rw'amatora.

Noheraheza ntera akamo abarundi ngo bazokwitabe ari benshi iri tora ry'abajenama b'imitumba na karitiye, kandi ko bazotore bitonze, bacagure abantu b'ijambo bazobera ngirakamaro abandi.

Murakoze

